## XIII. DEMOGRAFIYA

**Turaqlı xalıq sanı.**

Qaraqalpaqstan Respublikasında turaqlı xalıq sanı 2024-jıl 1-aprel jaǵdayına 2 008,8 mıń adamdı qurap, 2024-jıl basınan 6,1 mıń adamǵa yaki 0,3 % ke ósti. Sonday-aq, qala xalqınıń sanı 981,2 mıń adamdı (jámi xalıqiniń sanındaǵı úlesi 48,8 %), awıl xalıq sanı 1 027,6 mıń adamdı (51,2 %) quraydı.

**Itibar beriń: 2024-jıl yanvar-mart aylarında**

-Xalıq sanı **6,1 mıń adamǵa** kóbeydi.

-Tiri tuwılǵanlar sanı **9,5 mıń adamdı** quradı.

-Qaytıs bolǵanlar sanı **2,3** mıń adamdı quradı.

-Nekeler sanı **3,8** mıńdı quradı

Ajırasqanlar sanı **0,5** mıńdı quradı

**2024-jıldıń Yanvar-mart aylarında**

Jıl basına turaqlı xalıq sanı **2 002 675 adam** (2024-jıl 1-yanvar jaǵdayına)

**9,5** *mıń adam* — **Tiri tuwılǵanlar sanı**

**2,3** *mıń adam* — **Qaytıs bolǵanlar sanı**

**2,6** *mıń adam* — **Kóship kelgenler sanı**

**3,7** *mıń adam* — **Kóship ketkenler sanı**

Turaqlı xalıq sanı **2 008 781 adam** (2024-jıl 1-aprel jaǵdayına)

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı[1)]**
*(2024-jıldıń 1-aprel jaǵdayına, mıń adam)*

| | *Jámi xalıq sanı* | *sonnan:* | |
|---|---|---|---|
| | | *qala xalqı* | *awıl xalqı* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **2 008,8** | **981,2** | **1 027,6** |
| Nókis q. | 340,6 | 340,6 | 0,0 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 212,9 | 54,7 | 158,2 |
| Beruniy | 205,9 | 72,6 | 133,3 |
| Bozataw | 21,9 | 5,6 | 16,3 |
| Qanlıkól | 53,9 | 13,7 | 40,2 |
| Qaraózek | 54,4 | 16,4 | 38,0 |
| Kegeyli | 75,0 | 30,4 | 44,6 |
| Qońırat | 136,3 | 86,1 | 50,2 |
| Moynaq | 33,7 | 15,0 | 18,7 |
| Nókis | 54,2 | 10,9 | 43,3 |
| Taqıyatas | 76,9 | 54,8 | 22,1 |
| Taxtakópir | 38,9 | 16,8 | 22,1 |
| Tórtkúl | 229,5 | 85,8 | 143,7 |
| Xojeli | 129,1 | 82,2 | 46,9 |
| Shımbay | 115,9 | 59,4 | 56,5 |
| Shomanay | 58,1 | 15,2 | 42,9 |
| Ellikqala | 171,6 | 21,0 | 150,6 |

[1)] *dáslepki maǵlıwmat*

**Qaraqalpaqstan Respublikası boyınsha turaqlı xalıq sanı**
*(1-aprel jaǵdayına, mıń adam)*

| | 2023 j. | 2024 j. | Ótken jılǵa salıstırǵanda ósim páti % |
|---|---|---|---|
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **1 981,7** | **2 008,8** | **101,4** |
| Nókis q. | 335,4 | 340,6 | 101,6 |
| *rayonlar:* | | | |
| Ámiwdárya | 209,3 | 212,9 | 101,7 |
| Beruniy | 202,0 | 205,9 | 101,9 |
| Bozataw | 21,9 | 21,9 | 100,0 |
| Qaraózek | 54,2 | 54,4 | 100,4 |
| Kegeyli | 74,3 | 75,0 | 100,9 |
| Qońırat | 134,9 | 136,3 | 101,0 |
| Qanlıkól | 53,3 | 53,9 | 101,1 |
| Moynaq | 33,5 | 33,7 | 100,6 |
| Nókis | 53,1 | 54,2 | 102,1 |
| Taqıyatas | 76,4 | 76,9 | 100,7 |
| Taxtakópir | 38,9 | 38,9 | 100,0 |
| Tórtkúl | 225,6 | 229,5 | 101,7 |
| Xojeli | 127,6 | 129,1 | 101,2 |
| Shımbay | 115,1 | 115,9 | 100,7 |
| Shomanay | 57,7 | 58,1 | 100,7 |
| Ellikqala | 168,5 | 171,6 | 101,8 |

**Yanvar-mart aylarında xalıqtıń tábiyiy háreketi**

| | adam | | | hár 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille | |
|---|---|---|---|---|---|
| | 2023 j. | 2024 j.[1)] | ósiwi, azayıwı | 2023 j. | 2024 j.[2)] |
| Tuwılǵanlar | 9 777 | 9 483 | -294 | 20,0 | 19,0 |
| Qaytıs bolǵanlar | 2 348 | 2 260 | -88 | 4,8 | 4,5 |
| Tábiyiy ósim | 7 429 | 7 223 | -206 | 15,2 | 14,5 |
| Dúzilgen nekeler | 3 652 | 3 790 | 138 | 7,5 | 7,6 |
| Ajırasqanlar | 566 | 462 | -104 | 1,2 | 0,9 |

**Tuwılıw dárejesi.** 2024-jıl yanvar-mart aylarında tuwılǵanlar sanı 9 483 adamdı quradı hám 2023-jıldıń sáykes dáwirine (9 777 adam) salıstırǵanda 294 adamǵa yamasa 3,0 procentke kemeydi. Tuwılıw koefficienti sáykes túrde 19,0 promilleni quradı hám 2023-jıldıń usı dáwirine (20,0 promille) salıstırǵanda 1,0 promillege kemeydi.

**Xalıqtıń tábiyiy háreketi koefficientleri**
*(yanvar-mart aylarında)(1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)*




Tuwılıw dárejesiniń kemeyiwi respublikanıń barlıq aymaqlarında gúzetildi. Bul kórsetkishtiń joqarı dárejesi Ellikqalada 24,0 ten 18,6 promillege, Bozatawda 17,3 ten 13,2 promillege, Nókis rayonında 25,0 ten 22,0 promillege hám Moynaqta 17,8 den 15,7 promillege kemeyiwi gúzetildi.

1) *dáslepki maǵlıwmat*

2) *dáslepki maǵlıwmat*

**Tuwılıw.** 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında 9,5 mıń adam tuwılǵanlıǵı dizimge alınǵan bolıp, (bul jerde hám bunnan keyin tuwılǵanlarǵa tek tiri tuwılǵanlar esapqa alınǵan) salıstırma jaǵdayda 1000 xalıqqa salıstırǵanda tuwılıw koefficienti 19,0 promilleni quradı hámde 2023-jıldıń sáykes dáwirine (20,0 promille) salıstırǵanda 1,0 promillege kemeygenligi gúzetildi.

**Maǵlıwmat ushın**

Tiri tuwılǵanlardan (dem alıw, júrek urıwı, kindik pulsaciyası, múskúllerdiń qálewsiz qısqarıwı) biri bar bolsa bala tiri tuwılg'an esaplanadı. Bunda ananıń hámledarlıq múddeti 22 hápte hám onnan artıq, balanıń boyı 25 sm hám onnan artıq, salmaǵı 500 gramm hám onnan artıq bolıwı lazım.

**Qala hám rayonlar kesiminde tuwılǵanlar sanı hám koefficienti**
(2024-jıldıń yanvar-mart aylarında)




**Ólimshilik dárejesi.** 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında qaytıs bolǵanlar sanı 2 260 adamdı quradı hám 2023-jıldıń sáykes dáwirine (2 348 adam) salıstırǵanda 88 adamǵa yaki 3,7 procentke kemeydi. Ólim koefficienti 4,5 promilleni quradı (2023-jıldıń yanvar-mart aylarında – 4,8 promille).

**2024-jıldıń yanvar-mart aylarında ólimshilik sebepleri boyınsha qaytıs bolǵanlar sanı**

*(jámi qaytıs bolǵanlarǵa salıstırǵanda procentte)*




**Ólimshilik koefficientleri**




Qaytıs bolǵanlıq koefficientleriniń joqarı dárejesi Taxtakópirde (13,5 ten 5,2 promillege), Nókis rayonında (6,5 ten 3,8 promillege), Qaraózekte (7,8 den 5,3 promillege) hám Shımbayda (7,1 den 5,8 promillege) kemeyiwi gúzetildi.

**Neke.** 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organları tárepinen 3,8 mıń neke dizimge alındı saykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda neke dúziw koefficenti 7,6 promilleni quradı.



**Qala hám rayonlar kesiminde neke dúzgenler sanı hám koefficienti**
*(2024-jıldıń yanvar-mart jaǵdayına, 1000 xalıqqa salıstırǵanda, promille)*




**Ajırasıwlar.** 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organları tárepinen 0,5 mıń nekeden ajırasqanlar dizimge alınǵan bolıp, sáykes túrde 1000 xalıqqa salıstırǵanda nekeden ajırasqanlıq koefficienti 0,9 promilleni quradı.

**Qala hám rayonlar kesiminde nekeden ajırasqanlar sanı hám koefficienti**

*(2024-jıl yanvar-mart jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*




**Nekeler hám ajırasıwlar.** 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında PXAJ organlarında 3 790 nekeler hám 462 ajırasıwlar dizimge alındı. 1000 xalıqqa salıstırǵanda 7,6 neke (2023-jıldıń sáykes dáwirinde 7,5) hám 0,9 ajırasıwlar (2023-jıldıń tiyisli dáwirinde – 1,2) tuwrı keledi.

**Dúzilgen nekeler hám nekeden ajırasqanlar sanı**

*(yanvar-mart aylarında, birlik)*

| | *Dúzilgen nekeler* | | *Nekeden ajırasqanlar* | |
|---|---|---|---|---|
| | *2023 j.* | *2024 j.* | *2023 j.* | *2024 j.* |
| **Qaraqalpaqstan Respublikası** | **3 652** | **3 790** | **566** | **462** |
| Nókis q. | 506 | 746 | 117 | 85 |
| *rayonlar:* | | | | |
| Ámiwdárya | 464 | 441 | 45 | 35 |
| Beruniy | 424 | 468 | 62 | 43 |
| Bozataw | 23 | 38 | 7 | 3 |
| Qanlıkól | 78 | 82 | 17 | 10 |
| Qaraózek | 93 | 83 | 21 | 14 |
| Kegeyli | 129 | 133 | 19 | 17 |
| Qońırat | 249 | 220 | 49 | 43 |
| Moynaq | 42 | 44 | 8 | 5 |
| Nókis | 121 | 109 | 16 | 13 |
| Taqıyatas | 109 | 134 | 20 | 8 |
| Taxtakópir | 78 | 60 | 11 | 9 |
| Tórtkúl | 492 | 423 | 41 | 56 |
| Xojeli | 211 | 208 | 46 | 36 |
| Shımbay | 197 | 164 | 34 | 35 |
| Shomanay | 80 | 76 | 14 | 18 |
| Ellikqala | 356 | 361 | 39 | 32 |

**Migraciya (Ishki hám sırtqı).** Dáslepki maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında Respublika boyınsha kóship kelgenler sanı 2 565 adamdı, usı dáwirde kóship ketkenler sanı 3 682 adamdı quradı.

**Xalıq migraciyası(adam)**

| | 2023-jıldıń yanvar-mart aylarında | 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında |
|---|---|---|
| Kóship kelgenler | 2 172 | 2 565 |
| Kóship ketkenler | 4 107 | 3 682 |
| +- Migraciya saldosi | -1 935 | -1 117 |

2024-jıldıń yanvar-mart aylarında migraciya saldosı minus 1 117 adam (2023-jıldıń usı dáwirinde minus 1 935 adam) ǵa teń boldı. Eń joqarı minus qaldıqları Shımbay (minus 201 adam), Taqıyatas (minus 129 adam) hám Ámiwdárya (minus 121 adam) rayonlarında gúzetildi.

**Yanvar-mart aylarında sanı, mıń adam**



**Qala hám rayonlar boyınsha kóship kelgenler hám kóship ketkenler sanı**

| | Jámi kóship kelgenler (adam) | sonnan: | | Jámi kóship ketkenler (adam) | sonnan: | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | Respublika-nıń basqa aymaqlarınan | sırt ellerden | | Respublika-nıń basqa aymaqlarına | sırt ellerge |
| Nókis qalası . | 951 | 947 | 4 | 773 | 545 | 228 |
| *rayonlar:* | | | | | | |
| Ámiwdárya | 107 | 107 | - | 228 | 189 | 39 |
| Beruniy | 74 | 74 | - | 131 | 84 | 47 |
| Bozataw | 30 | 30 | - | 103 | 77 | 26 |
| Qaraózek | 65 | 65 | - | 174 | 142 | 32 |
| Kegeyli | 94 | 92 | 2 | 203 | 166 | 37 |
| Qońırat | 123 | 118 | 5 | 239 | 115 | 124 |
| Qanlıkól | 76 | 75 | 1 | 136 | 119 | 17 |
| Moynaq | 40 | 37 | 3 | 125 | 82 | 43 |
| Nókis | 258 | 252 | 6 | 202 | 160 | 42 |
| Taqıyatas | 100 | 99 | 1 | 229 | 128 | 101 |
| Taxtakópir | 40 | 35 | 5 | 115 | 62 | 53 |
| Tórtkúl | 120 | 120 | - | 146 | 132 | 14 |
| Xojeli | 200 | 192 | 8 | 278 | 149 | 129 |
| Shımbay | 110 | 110 | - | 311 | 242 | 69 |
| Shomanay | 66 | 63 | 3 | 138 | 118 | 20 |
| Ellikqala | 111 | 111 | - | 151 | 126 | 25 |



# Paytaxttaǵı demografiyalıq jaǵday.



Qaraqalpaqstan Respublikası paytaxtı Nókis qalasınıń turaqlı xalıq sanı 2024-jıl 1-aprel jaǵdayına 340,6 mıń adamdı quraǵan bolsa, jıl basınan 1,4 mıń adamǵa yaki 0,4 % ke ósken.

**Nókis qalası xalqınıń tábiyiy háreketi**

*(1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

| | 2023-jıl yanvar-mart aylarında | 2024-jıl yanvar-mart aylarında |
|---|---|---|
| Tuwılıw | 19,2 | 19,3 |

2024-jıldıń yanvar-mart aylarında 1,6 mıń adam tuwılǵan bolıp, usı dáwirge sáykes tuwılıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 19,3 promilleni quraǵan (2023-jıldıń usı dáwirine 19,2 promille bolǵan).

PXAJ organlarında 2024-jıldıń yanvar-mart aylarında 746 neke hám 85 nekeden ajırasıwlar dizimge alındı.

1000 xalıqqa salıstırǵanda neke duziw koefficienti 8,8 promilleni qurap, 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 2,7 promillege kóbeydi (2023-jıldıń sáykes dáwirinde 6,1 promille bolǵan).

Nekeden ajırasıw koefficienti 1000 xalıqqa salıstırǵanda 1,0 promilleni quraǵan bolsa, 2023-jıldıń sáykes dáwirine salıstırǵanda 0,4 promillege kemeydi. 2023-jıldıń sáykes dáwirinde 1,4 promille bolǵan.

**Nókis qalasında dúzilgen neke hám ajırasıwlar**

*(yanvar-mart jaǵdayına 1000 xalıqqa salıstırǵanda promille)*

